

**Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat dengan menyilang salah satu pilihan pada huruf A, B, C, D, atau E!**

1. Wos surasane serat Wedhatama, yaiku ....
  - A. Nyritakake tembang macapat
  - B. Babagan sosial politik
  - C. Kawruh budaya Jawa
  - D. Crita/babad Majapahit
  - E. Ngandharake pitutur ajaran utama
2. Guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu tembang macapat Sinom, yaiku...
  - A. 9 : 8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a
  - B. 9 : 8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8a, 7i, 8a, 12a
  - C. 9 : 8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12i
  - D. 9 : 8a, 8a, 8i, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a
  - E. 9 : 8i, 8i, 8a, 8a, 7i, 8u, 7i, 8a, 12i
3. Tembang macapat Sinom cocok kanggo nglambangake...
  - A. Muda taruna kang ora bisa meper hawa nepsu
  - B. Nom-noman kang ora bisa nyawang kahanan donya
  - C. Wayah isih jaka/prawan kang seneng kekancan
  - D. Bocah-bocah kang lagi seneng dolanan
  - E. Bekti lan tresna asih marang bapa biyung
4. Ing ngisor iki klebu watake tembang Sinom, yaiku...
  - A. Pitutur, katresnan, lan crita kang nyata
  - B. Pitutur, katresnan, lan crita perang
  - C. Crita wayang, slengekan, sak karepe dewe
  - D. Tresna asih, canthas, lan trengginas
  - E. Tresna asih, pitutur, sumanak sumadulur
5. Prathelan ing ngiso iki nggadahi teges “uripe manungsa iku kanthi telung prakara”, yaiku...
  - A. *Bonggan kang tan merlokena*
  - B. *Mungguh ugering ngaurip*
  - C. *Uripe lan tri prakara*
  - D. *Wirya arta tri winasis*
  - E. *Aji godhong jati aking*
6. Tembang macapat mangisor kanggo pitakon **nomer 6 lan 7!**  
*Nulada laku utama//tumrape wong tanah Jawi//wong agung ing Ngeksiganda//Panembahan Senapati//kapati amarsudi//sudaning hawa lan nepsu//pinesu tapa brata//tanapi ing siyang ratri//amemangun karyenak tyasing sasama//*  
Kang **ora klebu** nilai moral tembang madhuwur, yaiku....
  - A. Nuladani tumindak becik
  - B. Luhur bebudine lan seneng resesik jiwa
  - C. Tansah gawe seneng lan tentrem atining liyan ing urip bebrayan
  - D. Temen-temen anggone meper hawa nepsu kanthi laku prihatin
  - E. Ngedohi sipat angkara murka
7. Nilai sosial tembang mandhuwur, yaiku..
  - A. Nrima ing pandum pasrah sumarah mring Gusti
  - B. Nuladani tumindak becik
  - C. Temen-temen anggone meper hawa nepsu kanthi laku prihatin
  - D. Ngedohi sipat angkara murka
  - E. Tansah gawe seneng lan tentrem atining liyan ing urip bebrayan
8. Salah sawijining teknik nganggit tembang macapat yaiku milih tembung supaya katon endah lan jumbuh karo pathokan tembang, dipun wastani...
  - A. Paribasan

- B. Tembung entar
- C. Rura basa
- D. Diksi
- E. Yogyaswara

9. *Punika serat kawula//katura sira wong kuning//sapisan salam pandonga//kapindo takon pawarti//jare sirarsa laki//ingsun mung sewu jumurung//amung ta wekasi wang//gelang alit mungging driji//lamun sida aja lali kalih kula//*

Tema tembang macapat madhuwur, yaiku...

- A. Pendidikan
- B. Tresna asih wanodya lan priya
- C. Budaya lan pariwisata
- D. Urip bebrayan
- E. Kritik sosial

10. *Angurmati (1).... sasama//tan rabeda ... diri//ngedohaken pasulayan//momong rasa iku (3).....//rembukan kanthi aris//ana gesehing panemu//tumrap ing (4)....//kanggongan luput lan lali//yeku aran manungsa (5)..... sampurna*

Diksi/pilihan tembung kang trep lan endah kanggo ngisi cecek-cecek madhuwur lan ora lali nggatekake guru wilangan, yaiku....

- A. (1) mring, (2) wruhing, (3) becik, (4) pasrawungan, (5) datan
- B. (1) mring, (2) wruhing, (3) becik, (4) pasrawungan, (5) diwastani
- C. (1) mring, (2) wruhing, (3) becik, (4) bebrayan, (5) datan
- D. (1) marang, (2) wuruking, (3) prayoga, (4) pasrawungan, (5) datan
- E. (1) marang, (2) wruhing, (3) becik, (4) pasrawungan, (5) datan

11. Angka pinangka gantine swara gamelan supaya bisa beda ing antara wilahan gamelan siji lan sijine dipunwastani....

- A. Gamelan
- B. Cengkok
- C. Pathet
- D. Titi laras
- E. Gendhing

12. Miturut silsilah Mahabarata, ibune Yudhistira, Bratasena, lan Permadi, yaiku...

- A. Kunthi
- B. Madrim
- C. Gendari
- D. Ambika
- E. Ambalika

13. Nalika Resi Durna maju perang ing Bharatayuda, Pandhawa ora ana kang wani ngadhepi, amarga ngurmati yen Resi Durna kuwi gurune Pandhawa. Nilai kang kamot, yaiku...

- A. Keadilan
- B. Tanggung jawab
- C. Ngabdi mring Negara
- D. Tanggap ing sasmita
- E. Mad sinamadan/saling menghargai

14. Crita wayang ing radhio mawi arep ganti adegan mesthi kawiwitan suluk lan janturan ngenani papan panggonan. Mula saka iku, pamireng bisa mangerteni babagan...

- A. Alur
- B. Amanat/pitutur
- C. Latar
- D. Paraga
- E. watak

15. Punakawan (Semar, Gareng, Petruk, lan Bagong) iku pagaweane among batur lan drajate cendhek, ananing disenengi dening para satriya kang duwe tindak laku utama. Kabeh iku kagawa saka

tindak tanduk Punakawan kang jujur, prasaja, lan ora neka-neka. Pratelan kasebut nuduhake unsure crita wayang kang diarani...

- A. Alur
- B. watak
- C. Amanat/pitutur
- D. Paraga
- E. Latar

16. Pratelan crita wayang ing ngisor iki kanggo pitakon nomer 16 lan 17!

*Bima Bungkus*

*Jejer Ngastina. Duhkitaning Prabu Pandu lan Dewi Kunti jalaran lahire ponang jabang bayi awujud bungkus. Tan ana sanjata kang tumawa kanggo mbedah Bungkus. Kurawa uga melu cawecawe, sanadyan among lamis, bakune arep nyirnakake si Bungkus. Wisikan dewa sang Bungkus den bucal ing alas Krendawahana. Ing pertapan Wukir, Bagawan Abiyasa kasowan Raden Permadi. ... Ing Suralaya, Batara Guru nimbali Gajahsena kinen mecah si Bungkus saengga dadi sejatining manungsa lan ngutus Dewi Umayi kinen nggladhi babagan kautaman marang si Bungkus.*

Ing ngisor iki **ora klebu** latar crita madhuwur, yaiku...

- A. Wukir Candradimuka
- B. Pertapan Wukir
- C. Alas Krendawahana
- D. Ngastina
- E. Suralaya

17. Konflik batin kang dilakoni Dewi Kunthi, yaiku...

- A. Dewi Kunthi antuk wisikan supaya bucal si Bungkus ing alas Krendawahana
- B. Duhkita amarga lahire jabang bayi awujud bungkus
- C. Kurawa kagungan sanjata kang bakal bisa mecah si Bungkus
- D. Bakal ana utusan kang bisa mecah si Bungkus tekane rajapati
- E. Nggalih Raden Permadi kang lahir kanthi binungkus

18. Ing crita Dewa Ruci, Bima mituhu kabeh dawuhe Durna minangka gurune. Sanajan anggone dhawuh iku ngetohake nyawa, ananing Bima ora nggresula. Pitutur kang bisa kojupuk saka crita kasebut minangka kowe dadi siswa, yaiku...

- A. Hurmat lan bekti marang tiyang sepuh
- B. Bekti lan mituhu marang dhawuhe bapak ibu guru
- C. Tresna asih marang kanca-kancane
- D. Tekun ngibadah marang Gusti
- E. Urip prihatin kanti meper hawa nepsu

19. Ngringkes sawijining crita wayang kanthi tetep ngawigatekake unsur-unsur intrinsik dipunwastani...

- A. Sinopsis
- B. Parafrese
- C. Pantomim
- D. Crita cekak
- E. Babad

20. Ing ngisor iki babagan kang **ora kudu** digatekake nalika nulis sinopsis, yaiku...

- A. Maca naskah asline kanggo mengerteni panemune pangripta
- B. Nyatet gagasan kang wigati saka pagriptane
- C. Wicantenan/dialog digatekake lan diringkes
- D. Nulis ringkesan gagasan-gagasan utama migunakake ukara kang ringkes
- E. Sinopsis ora kena nyimpang saka alur crita

21. Sawijining paraga sing duwe jejibahan glantarake titilaksana sawijining pepanggihan dipunwastani...

- A. Laksitaning adicara
  - B. Adicara
  - C. Tatacara
  - D. Panatacara
  - E. Titalaksana
22. *Kula minangka talanging basa nglenggana bilih atur kula kirang mranani panggali panjenangan. Awit saking menika, kula nyuwun agunging pangaksami. Nuwun matur nuwun. Pratelan madhuwur klebu perangan...*
- A. Salam pambuka
  - B. Pambuka
  - C. Wedaring gati
  - D. Panutup
  - E. Salam panutup
23. Salah sawijining sarat panatacara yaiku ora gemeter, anteb, lan enteng obahe awak, sirah, gulu, siku, asta lumrahe samadya ora katon ndhangak tangan kudu bisa nambahi cetha apa kang diucapake. Kuwi mau klebu sarat panatacara kang winastan....
- A. Malaksana
  - B. Magatra
  - C. Maraga
  - D. Mawastha
  - E. Malaghawa
24. Tetembungan utawa ukara kang wis gumathaok, kanggo ngaturake kahanan alam, sartriya, ratu, perangan awak, solah bawa, lsp kang lumrahe wujud pepindhan diwastani...
- A. Pepindhan
  - B. Payandra
  - C. Paribasan
  - D. Bebasan
  - E. saloka
25. Ing ngisor iki kang klebu pepindhan yaiku..
- A. Dhawa tangane
  - B. Jembar dhadhane
  - C. Kedhana kedhini
  - D. Cangkir kencenging pikir
  - E. Dedeg piadege gagak pidegsa kaya Raden Werkudara
26. Ing ngisor iki kang **ora klebu** teknik maca panatacara, yaiku...
- A. Ngunakake intonasi, nada, lan tekanan kang trep
  - B. Migunakake swara kang sora
  - C. Ngolah treping mlebu wetuning napas
  - D. Pamedhote ukara kang leres
  - E. Pracaya marang dhiri pribadi
27. Migunakake tembung ngoko kanggo awake dewe lan kacampur krama inggil kanggo wong liya dipunwastani ...
- A. Krama alus
  - B. Krama
  - C. Krama madya
  - D. Ngoko
  - E. Ngoko alus
28. Ukara mangisor migunakake ngoko alus, yaiku....
- A. "Ibu, badhe tindak pundi, kula nderek nggih", ature Dik Ririn
  - B. Pagelaran Ringgit sampun purna, kula lan kanca-kanca enggal manthuk.
  - C. "Pak, gek Dahar disik sakdurunge Sare", ngendikane Ibu

- D. Griya kula cerak kaliyan daleme Pak Joni kinten-kinten namung 100 meter  
 E. Kula badhe sowan daleme simbah sakbibaripun manthuk saking sekolah.
29. *Bapak nembe kemawon....saking....nalika kula nembe....saking....simbah.*  
 Tembung kang trep kanggo ngisi cecek-cecek ukara mandhuwur, yaiku....  
 A. kundur, tindhakan, manthuk, dalemipun  
 B. kundur, tindhakan, kundur, dalemipun  
 C. manthuk, tindhakan, kundur, dalemipun  
 D. kundur, tindhakan, manthuk, griyanipun  
 E. manthuk, tindhakan, kundur, griyanipun
30. Ing ngisor iki tuladhane tembung entar lan yogyaswara yaiku..  
 A. Mogel ilate, dawa ususe, putra-putri, dewa-dewi  
 B. Mogel ilate, dawa ususe, wira-wiri, dewa-dewi  
 C. Adang sega, putra-putri, dawa ususe, meres santen  
 D. Adang sega, dewa-dewi, meres santen, mogel ilate  
 E. Dewa-dewi, putra-putri, mogel ilate, meres santen
31. *Mbak umi ngrewangi ibune ngulek sambel lan kelan lodheh.* Ukara iki migunakake tembung...  
 A. Paribsan  
 B. Bebasan  
 C. Rura basa  
 D. Entar  
 E. Yogyaswara
32. Panganan saemper tempe ing abad kaping 16 tahun 1814 ditemokake ing manuskrip serat...  
 A. Wedhatama  
 B. Paramayoga  
 C. Sudamala  
 D. Centhini  
 E. Wulangreh
33. Panganan sing digawe saka ketan, isisne abon utawa srundeng, dibuntel godhong gedhang, lan didang, diarani...  
 A. Lemper  
 B. Lonthong  
 C. Kupat  
 D. Sega megono  
 E. Randha royal
34. Panganan sing digawe saka tape pohong bancur dicelupke adonan gandum, diarani...  
 A. Lonthong  
 B. Lemper  
 C. Kupat  
 D. Sega megono  
 E. Randha royal
35. Panganan iki duweni makna filosofi lan sejarah perjuwangan kamardikan Indonesia nalika prajurite Pangeran Diponegoro kerep kekurangan pangan. Banjur BPH Tejokusuma nemokake panganan iki kang praktis lan gampang dimasak ing ngendi wae lan kapan wae, diarani...  
 A. Lonthong  
 B. Lemper  
 C. Sega megono  
 D. Kupat  
 E. Randha royal
36. Ing ngisor iki makna filosofi kang bisa kojupuk saka panganan klepon, yaiku **kajaba**...  
 A. Warna ijo ing klepon minangka pralambang kasuburan  
 B. Gula Jawa ing sajaroning klepon minangka pralambang manise urip  
 C. Parutan klapa ing sajabaning kulit minangka pralambang kerukunan lan katentreman

- D. Nalika dahar klepon kuwi mralambangke sakdurunge bisa urip kepenak manungsa kudu usaha kanthi temenan lan urip prihatin
  - E. Wujude kang bunder mralambangke awake dewe urip ing donya kang wujude bunder ugi.
37. Ing ngisor iki makna filosofi kang wigati/utama saka panganan jenang, yaiku...
- A. Seneng weweh marang liyan
  - B. Seneng lelaku prihatin
  - C. Bisa meper hawa nepsu
  - D. Katentreman lan karukunan
  - E. Nuladani tumindak becik

38. Panganan Dhawet Ayu iku khas saka...

- A. Brebes
- B. Kebumen
- C. Banjarnegara
- D. Kendal
- E. Kudus

39. Wacana deskriptif ing ngisor iki kanggo pitakon nomer 39-40!

*Thiwul*

*Miturut sejaraha mula bukane panganan thiwul minangka panganan pokok masarakat biyen nalika penjajahan Jepang udakara taun 1960-an. Thiwul didadekake panganan pokok kanggo ganti beras nalika regane larang lan ora bisa ketuku.*

*Thiwul digawe saka pohung kang dipeme nganti garing, utawa diarani gaplek. Banjur dideplok nganti alus trus didang nganti mateng. Asil dang-dangan mau kang diarani thiwul. Thiwul minangka panganan pokok uga dipangan nganggo lawuh lan sayur.*


*Thiwul uga sae kanggo kasarasan mligine kang duwe lara diabetes lan darah tinggi. Sanese, thiwul uga dipracaya bisa nyegah lara maag. Makna sejarah thiwul yaiku salah sawijining perangan baku tumrap perjuwangane pra pahlawan. Pejuang biyen ora mikir apa kang dipangan, nanging kepriye bisane Indonesia mardika. Salah sawijining mardika bab panganan utawa kepriye rakyat bisa mangan lan ora keluwen.*

Pikiran pokok paragraf loro wacana madhuwur, yaiku...

- A. Mula bukane panganan thiwul
  - B. Kepriye carane gawe panganan thiwul
  - C. Thiwul minangka gantine beras nalika beras regane larang
  - D. Mupangate thiwul tumrap kasarasan
  - E. Nilai sejarah panganan thiwul
40. Prayatan ing ngisor iki **ora ditemokake** ing paragraf telu, yaiku...
- A. Thiwul duweni kandungan glukosa dhuwur saengga sae kanggo wong sing lara diabetes
  - B. Thiwul minangka pralambang rasa prihatin pejuwang kamardikan RI
  - C. Diet kanthi mangan thiwul sae kanggo wong lara diabetes
  - D. Mangan thiwul uga dipracaya bisa nyegah lara maag
  - E. Para pejuwang mralambangke thiwul kanggo nyemangati kepriye carane supaya Indonesia bisa mardika

41. Panulisane angka Jawa ing sajroning ukara iku kaapit dening...

- A. Cecek loro
- B. Koma loro
- C. Pangkon
- D. Pada lungsi
- E. Adheg-adheg

42.  yen ditulis nganggo aksara latin, yaiku...

- A. 17081968
- B. 17091968



